

Bonjan Aksè

Kisa Language and Communications Access (Aksè nan Lang ak nan Kominikasyon) ye epi poukisa li enpòtan?

An 2016, Majistra Martin J. Walsh te siyen yon òdonans minisipal ki rele “Establishing Language and Communications Access for City Services” (Etablisman Aksè nan Lang ak Kominikasyon pou Sèvis Lavil la). Nou kontan pataje avèk ou pwogrè ki te reyalize nan seri atik mansyèl sa a. Nou espere w ap bannou sipò pou fè Boston yon kote ki pi aksesib pou viv, travay ak jwe.

Aksè nan Lang ak Kominikasyon se yon pati enpòtan nan vizyon Majistra Walsh pou fè vil la vin pi aksepte tout moun epi pi ekitab. Li vin ajoute sou lòt inisyativ priorite anba lidèchip Majistra a tankou [Imagine Boston 2030 \(Imajine Boston 2030\)](#), [the Mayor’s Resilience Strategy \(Estrateji Rezilyans Majistra a\)](#), [Age Friendly Boston \(Boston ki renmen Tout Laj\)](#), epi [Climate Ready Boston \(Boston pare pou Klima\)](#). Ansanm, aktivite k ap dewoule nan tout vil la gen pou objektif fè Boston yon vil ki pi bon ak pi vivab pou tout moun.

Kisa Language and Communications Access (Aksè nan Lang ak nan Kominikasyon LCA) ye egzakteman? LCA se yon plan aksesibilite ki fè li pi fasil pou moun entèyaji ak vil la. Li ka pran anpil fòm. Sèvis entèpretasyon ak tradiksyon ede moun ki bezwen kominike nan yon lòt lang ki pa anglè. Aparèy ki gen teknoloji pou ede moun se yon mwayen pou sipòte ni itilizatè ki bezwen kominike epi ki pale lòt lang ni moun ki gen yon andikap. Sèten moun gendwa itilize pwòp aparèy teknoloji ki asiste moun tankou aparèy nan zòrèy pou tandè pi byen ak lojisyèl tèks itilizatè a tape epi ki transfòme li an pawòl. Vil Boston kapab ofri aksè plis toujou grasa teknoloji tankou Communications Access Real-Time (Aksè nan Kominikasyon an Tan Reyèl, CART), aparèy pou ede moun tandè, ak aparèy pou entèpretasyon dirèk.

LCA se yon mezi enpòtan ki pou anplas pou plizyè rezon. Premyèman, tout moun gen dwa pou yo jwenn aksè nan sèvis ak avantaj vil la bay. Yon pati nan responsabilite vil la se pou elimine aktivman obstak ki ta fè li difisil pou moun fè sa. Nou la pou ede amelyore lavi tout moun. Kèlkeswa si yon moun vle antre nan yon nouvo kominote, rapòte yon ijans oubyen kòmanse pwòp biznis li, pwosesis la ta dwe ekitab epi aksesib pou tout moun, kenennpòt laj, kapasite oubyen langaj yo itilize.

LCA enpòtan tou paske li aladispozisyon de tout moun kèlkeswa kote yo ye a. Planifikasyon aksesibilite ki byen òganize bay yon mesaj sou enklizyon ak otonomizasyon. Moun kapab kominike avèk lidè epi reprezantan yo san yo pa bezwen pè diskriminasyon. Yo santi yo gen pibon koneksyon avèk kominote yo paske yo santi yo lakay yo. Anba lidèchip majistra Walsh, vil Boston vle rekonèt divèsite nou ak selebre epi pwomouvwa diferans sa yo. Se sa ki fè Boston yon gwo vil. Nou espere ou panse sa tou.

Pwogram Language and Communication Access lan travay pou ranfòse vil Boston pou sèvis, pwogram, ak aktivite sa yo vreman aksesib pou tout rezidan yo. Pou kapab jwenn plis enfòmasyon, al gade paj nou an nan boston.gov/lca.

Español | Kreyòl ayisyen | 繁體中文 | 简体中文 | Tiếng Việt | kriolu | العربية | Português | Русский | Français